

GID DSA-POU HÈN AK PREJIJE



DIVISION OF
STUDENT AFFAIRS





Tablo Kontni Yo

1. Konsènan Gid sa a	Pg. 2
2. Definisyon	Pg. 4
3. Reponn Epi Rapòte Diskou Ak Ensidan Ki Gen Rapò Ak Hèn Nan Espas Travay La	Pg. 7
4. Reponn Epi Rapòte Grafiti Oswa Senbòl Hèn Yo.....	Pg. 9
5. Enfòmasyon sou Biwo Sèvis Sipò Ensidan Ki Gen Rapò Ak Prejije	Pg. 9
6. Gid Resous	Pg. 2

Anèks A. ki jan pou reponn epi Rapòte Ensidan ak Prejije ki gen Rapò ak Hèn sou entènèt
Gras ak Modèl G.R.A.C.E la
Anèks B. Echantiyon Fòmilè Rapò Ensidan Prejije a



Konsènan Gid sa a

Inivèsite Maryland angaje l pou l kreye yon kominote divès ak enklizif kote nou selebre diferans yonn genyen pa rapò ak lòt ansanm ak ekite nan tout sa n ap fè. Nou dwe travay ansanm pou n reyalize vizyon yon kanmpis enklizif ak miltikiltirèl sa a, kote tout moun ap santi ke yo fè pati de li epi yo ka rive atenn tout potansyèl yo. Se responsablite nou tout pou nou kondanne ak konbat hèn ak sektaris. Bèl kominote divèsifye nou an se pi gwo fòs nou. Lè yo inyore oswa tolere diskou ak konpòtman hèn yo, li nui kominote nou an epi li kreye yon anvivònman kote kòlèg Terps yo ka santi yo an danje, entimide, souzestime, izole, oswa fache.

Antanke anplwaye ak etidyan nan Inivèsite Maryland lan, se responsablite nou pou nou:

- kondanne diskou hèn yo.
- rapòte ensidan, diskou, oswa grafiti ki gen rapò ak hèn yo bay otorite yo tankou Depatman Lapolis Inivèsite Maryland (University of Maryland Police Department, UMPD) lan, Biwo Dwa Sivil ak Move kondwit seksyèl, oswa biwo Sèvis Sipò Ensidan ki gen rapò ak Prejije (Bias Incident Support Services, BISS).
- rekòmande epi sèvi ak resous kanmpis la pou n reyise vwa moun ki te blese yo.



Sèvi ak Gid Hèn ak Prejije a

Gid Prejije ak Hèn nan pèmèt anplwaye yo rekonèt epi reyaji byen rapid fas a diskou, senbòl ak konpòtman ki gen rapò ak hèn yo. Li enfòme anplwaye yo konsènan pwoteksyon yo sou libète pou yo pale epi li souliye responsablite kolektif nou pou nou rapòte ensidan ki opoze ak valè divèsite, ekite, enklizyon ak jistis kanmpis nou an. Gid la ta dwe aplike nan kad akèy ak fòmasyon anplwaye ou yo, epi li ka adapte pou l kowenside ak règleman depatman ou yo. Li se yon dokiman ki pa fòseman fini, ou ka pote kontribisyon epi mete li ajou amezi ke lwa ak règleman ki enpòtan yo ap evolye.

Nou ta renmen remèsye Gwoup Travay sou Hèn ak Prejije Depatman Afè Etidyan yo pou tout efò yo deplwaye pou kreye yon kanmpis ki pi angaje ak enklizif:

Kelley Bishop, Direktè Sant Karyè Inivèsité ak Pwomès Prezidan an

Lorae Bonamy, Kowòdonatè Prensipal pou Ekite ak Jistis Sosyal, Lavi Fratènite ak Soworite

James Bond, Direktè, Biwo Konduit Etidyan yo

Joseph Calizo, Direktè Adjwen Aktivite Etidyan yo, Sendika Etidyan Adele H. Stamp

Susan Canady, Direktè Adjwen Evènman ak Sèvis pou Envite, Sendika Etidyan Adele H. Stamp

Genenvieve Conway, Direktè Adjwen, Depatman Lavi Rezidan yo

Zimri Diaz, Kowòdonatè Maketing ak Kominikasyon Biwo Vis Prezidan an pou Afè Etidyan yo

Nicole Garcia Diaz, Kowòdonatris Konduit Etidyan yo, Biwo Konduit Etidyan

Marsha A. Guenzler-Stevens, Direktris, Sendika Etidyan Adele H. Stamp

Jason Hess, Direktè Adjwen, pou Lwazi ak Byennèt Inivèsité a

Theodore Pickett, Jr., Direktè Asosye Sant Konsèy

Rachelle Wakefield, Etidyan nan premye sik, Prezidan, Sendika Elèv Nwa ak Konsèy Nasyonal ki gen pou wè ak moun peyi Lagrès

Sensèman,

Malia Witherspoon

Ko-Prezidan, Gwoup Travay DSA sou HÈN, ak Prejije yo, Direktris Pwovizwa Divèsite, Ekite, ak Enklizyon pou Afè Etidyan yo

Brian Medina

Ko-Prezidan, Gwoup Travay DSA sou Hèn ak Prejije yo, Jesyonè Pwogram, Sèvis Soutyen pou Ensidan ak Prejije yo, Biwo divèsite ak Enklizyon



Definisyon

Ki sa ki yon Ensidan ki gen rapò ak Hèn epi Prejije?

Ensidan ki gen rapò ak hèn epi prejije yo se zak ki gen karakteristik ak kèk ekspresyon hèn oswa prejije kont yon gwoup oswa yon moun anpatikilye paske li se yon manm nan gwoup sa a. Gen dwa se ras, orijin etnik, andikap, reliyon, orijin nasyonal, oryantasyon seksyèl oswa idantite seksyèl yon lòt moun ki motive prejije a. Ensidan ki gen rapò ak hèn yo ka ale soti nan zak inyorans oswa indiferans rive nan zak ki lakoz domaj. Yo ka kalifye yon ensidan ki gen rapò ak hèn de asèlman oswa lòt fòm diskriminasyon dapre Règleman kont diskriminasyon Inivèsite a sou Asèlman Seksyèl ak Lòt Move Konduit Seksyèl.

Ensidan ki gen rapò ak hèn yo ka vèbal, fizik oswa vizyèl. Langaj ak konpòtman kontribye oswa kreye yon anviwònman ki reprezante yon danje oswa yon anviwònman ki pa twò akeyan.

Egzanp:

- Bay moun lòt non
- Itilize jouman rasyal oswa etnik pou idantifye yon moun
- Itilize yon langaj degradan
- Kreye imaj rasis oswa denigran (tankou karikati oswa emoji)
- Imite yon moun ki gen yon andikap
- Imite nòm oswa pratik kiltirèl yon moun

Pou plis enfòmasyon sou ensidan ki te rapòte sou kanmpis la ale nan Tablo bò Rapò sou Prejije Sèvis Sipò ki gen pou wè ak Prejije (Bias Incident Support Services, BISS) Biwo Divèsite ak Enklizyon an.

Ensidan sou baz Hèn konpare ak Krim sou baz Hèn

Yon ensidan sou baz hèn vin tounen yon krim sou baz hèn lè li enplike oswa ankouraje yon zak kriminèl. Ensidan sou baz hèn tankou bay moun lòt non pa rive nan nivo yon krim sou baz hèn sof si l ta yon asèlman sible oswa yon menas. Sepandan, yon ensidan sou baz hèn ka fè pè epi demoralizan menm jan ak yon krim sou baz hèn.



Kisa ki se yon Diskou ki Baze sou Hèn?

Yon diskou ki baze sou hèn se yon diskou ki denigre, menase oswa entimide yon gwoup oswa yon moun anpatikilye dèske li se yon manm nan yon gwoup. Li gen ladan nenpòt fòm ekspresyon ki difame, imilye oswa ankouraje rayi yon gwoup oswa yon klas moun tankou sou baz ras, orijin etnik relijyon, idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl, idantite jan, andikap oswa orijin nasyonal.

Malgre yo souvan itilize l, pa gen okenn definisyon legal pou “diskou ki baze sou hèn” anba lalwa ameriken an, menm jan pa gen okenn definisyon legal pou move lide, maledve, diskou antipatriyotik, oswa nenpòt lòt kalite diskou ke yon moun ta ka kondane.¹

Men kèk egzanp diskou hèn

- Etitkèt ak jouman
- Deklarasyon ki ankouraje Estereyotip malveyan
- Diskou ki fèt pou ankouraje hèn oswa vyolans kont yon gwoup
- Repezantasyon ak senbòl non vèbal*

**Zak vandalis ki gen ladan desen ki reprezante yon kòd yo pann moun oswa yon kwa "swastika" nan entansyon pou entimide oswa menase yon moun oswa yon gwoup moun, yo konsidere yo kòm krim hèn.*

Diskou Hèn ak Premye Amandman an

Anjeneral Premye Amandman nan Konstitisyon Etazini an pwoteje Diskou hèn nan. Premye Amandman an mande pou gouvènman an pwoteje yon fason ki sevè deba solid sou kesyon enterè piblik, menm lè yon deba konsa vin dezagreyab, ofansif, ak lakòz lòt moun yo santi yo chagren, an kòlè, oswa pè.

Limit Premye Amandman an

Premye Amandman an pa pwoteje konpòtman oswa diskou ki:

- franchi liy asèlman ki diskriminatwa oswa ki ilegal
- ankouraje yon konduit ki ilegal devan zye tout moun
- menase vyolans kont yon moun oswa yon gwoup

Anjeneral Premye Amandman an pwoteje yon diskou ki sèlman ofansif oswa sektaris. Detèmine si Premye Amandman pwoteje kèk diskou mande yon egzamen sou yon baz ka pa ka.

Penalizasyon Diskou Hèn sou Kanmpis la

Inivèsite Maryland pa tolere oswa aksepte diskou ki baze sou hèn. Antanke yon enstitisyon piblik, inivèsite a dwe pwoteje ak pèmèt libète lapawòl sou kanmpis la. Inivèsite a pa penalize moun sof si kondwit yo vyole règleman inivèsite a, tankou:

- Règleman kont diskriminasyon
- Asèlman seksyèl ak lòt règleman sou move kondwit seksyèl
- Kòd Konduit Etidyan yo
- Règleman sou Konduit Pwofesyonèl ak Fawouch nan Travay
- Pwosedi pou Sinyale Vyolans nan Travay ak Evalyasyon risk pou kò Anseyan ak Anplwaye yo
- Règleman ak Pwosedi pou Itilize Batiman an ak Espas Deyò yo

¹Gade, e.g., “Diskou ak Krim ki Baze sou Hèn,” *Asosyasyon Bibliyotèk Ameriken*, 12 Desanm 2017.

<http://www.ala.org/advocacy/intfreedom/hate> (Wè 8 jiyè 2022). ID Dokiman an : aa35c1c7-f3aa-4b07-964f-30dcf85a503c

Kisa yon Krim Hèn ye?

Yon krim ki baze sou hèn se yon zak kriminèl kont yon moun oswa yon pwopriyete, zak sa gen dwa konsyan an pati oswa totalman, moun ki poze zak la gen dwa rayi oswa gen yon prejije kont yon gwoup anpatikilye oswa yon moun dèske li fè pati de gwoup sa. Yo ka vèbal, fizik, oswa vizyèl. Paske yon krim te komèt, lalwa pini krim ki baze sou hèn.

Egzanp:

- Agrese, blese, oswa manyen yon moun nan yon fason ofansif paske li nan yon klas pwoteje
- Fè grafiti rasis oswa denigran sou pwopriyete yon lòt moun paske li nan yon klas pwoteje
- Menase pou agrese fizikman yon moun, fanmi l, oswa pwopriyete l yo paske li nan yon klas pwoteje

Yo adopte lwa krim ki baze sou hèn yo nan nivo federal ak nan nivo eta yo, men yo diferan soti nan yon eta ale nan yon lòt. Istorikman, li te difisil pou pwouve ke yon moun yo akize ki te fè yon krim ki baze sou hèn gen pou wè ak rasis oswa lòt prejije. Etikèt la enpòtan paske lefè ke yo te sibi yon krim ki baze sou hèn pèmèt viktim krim sa yo resevwa domaj sivil.

Lwa 2yèm Lyetnan Richard Collins III

Kò lejislatif Eta Maryland lan te adopte an 2020 Lwa 2yèm Lyetnan Richard Collins III a, ki deklare zak vyolans kont yon klas pwoteje ki baze sou hèn "swa an antye oswa an pati " se yon krim ki baze sou hèn. Sa a montre a klè ke hèn pa dwe nesèsman sèl motivasyon zak yo pou yo konsidere yo kòm krim hèn.





Reponn Epi Rapòte Diskou Ak Ensidan Ki Gen Rapò Ak Hèn Nan Espas Travay La

Viv oswa te temwen yon ensidan ki gen rapò ak hèn ka twomatizan pou viktim yo epi sa ka lakòz doulè ki dire lontan nan kominote kanmpis nou an. Se responsablite nou pou nou rapòte ensidan prejije oswa diskou ki baze sou hèn ki rive nan espas travay la. Sa a ta dwe fèt kit ensidan oswa dsikou ki baze sou hèn nan enplike yon kolèg, yon sipèvizè, yon etidyan, yon pwofesè oswa yon kontraktè. Etap enpòtan pou swiv yo se:

Rapòte:

- Si ou an danje oswa gen yon menas imedya sou tèt ou, kontakte UMPD imedyatman nan 301.405.3333.
- Rapòte enfòmasyon yo bay BISS atravè yon rapò sou entènèt oswa rele 301.405.0980.
- Notifye sipèvizè ou a ak/oswa ekip lidèchip ou a.
- Dokimante ensidan an atravè estrikti rapò ensidan depatmantal ou an.

Reponn:

- Pale ak moun ki konsène yo pi vit ke posib pou kondanne zak la epi rekonèt mal yo sibi a.
- Sèvi ak yon langaj ki reflechi, ki pran an kont twomatis yo, ki enklizif ki montre ke w konprann yo epi pataje enkyetid ou avè yo yon fason otantik.
- Evalye enkyetid moun nan.
- Ofri resous kanmpis la pou plis sipò kòmanse nan lis nimewo telefòn enpòtan yo nan paj 15 lan.

Sipò/Swen Apre Lè Travay

Si ou te viktim epi ou bezwen sipò/swen apre lè biwo tanpri kontakte liy Sipò pou Kriz Apre lè travay Sant Konsèy la nan 301.314.7651 soti 7:00 p.m. jiska 8:30 a.m., Lendi jiska Jedi, apre 4:30pm nan Vandredi, oswa 24 sou 24 le wikenn.

Fè Rapò Ou a

Gen kèk sitiyasyon ki fasil pou idantifye kòm ensidan ki gen rapò ak hèn oswa diskou ki baze sou hèn. Epi nan lòt ka, yon sitiyasyon ka evolye plis y ap konn plis enfòmasyon. Enfòmasyon kontradiktwa ka soti nan anpil sous. Nan tout ka yo, dokimante enfòmasyon ou resevwa yo epi rapòte ensidan an bay BISS. Si ou ensèten, ou ta dwe kanmèm rapòte tout sa ou konnen.

Sevis Medyasyon Inivèsite Maryland

Sèvis Medyasyon Inivèsite Maryland nan se yon lòt resous enpòtan ou ka anvizaje itilize. Yon ajan medyasyon, yon "Ombudsman", oswa tou senpleman "Ombuds" se yon moun manm kominote inivèsite a ka konsilte si yo ta renmen jwenn enfòmasyon sou règleman inivèsite a ki gen rapò ak aktivite yo oswa si yo rankontre pwoblèm ke yo pa ka rezoud pa mwayen òdinè yo (tankou, etidyan a pwofesè, anplwaye a sipèvizè, manm kò pwofesoral a direktè depatman.) Yon Ombuds koute plent yo epi li ede, si sa posib, nan rezoud yo.



Reponn ak Rapòte Grafiti oswa senbòl hèn yo

Grafiti ofansif oswa senbòl hèn yo ka gen ladan yo siy, senbòl, mo oswa fraz ekri ki denigran, logo, ak anblèm ki afiche sou pwopriyete kanmpis la. Gade nan [Baz Done Senbòl Hèn Lig Anti-Difamasyon an](#) pou yon lis enklizif ak siyifikasyon senbòl hèn yo.

Si ou temwen nenpòt nan ekspozisyon sa yo, li enperatif pou ou rapòte ensidan an nan UMPD pi vit ke posib pou moun ki konsène yo pa sibi lòt mal oswa twomatis.

Rapòte

- Rapòte imedyatman senbòl hèn yo bay UMPD (301.405.3333) pou yo ka mennen ankèt ak kreye yon rapò.
- **Pa efase oswa retire desen an oumenm.** Si ou ka kouvri senbòl la san ou pa modifye l oswa dekouraje moun nan zòn nan, tanpri fè sa.
- Rapòte enfòmasyon yo bay BISS atravè yon rapò sou entènèt oswa rele 301.405.0980.
- Notifye sipèvizè ou a ak/oswa ekip lidèchip ou a.
- Dokimante ensidan an atravè estrikti rapò ensidan depatmantal ou an.

Byen retire senbòl la oswa grafiti a

- Imedyatman apre ajan UMPD yo anrejistre senbòl la, yo ta dwe retire prèv fizik la.
- Ekip sa yo ka ede retire epi ede redui nan domaj ki gen rapò ak anviwònman fizik la
 - Ekip jesyon batiman ou an
 - Batiman rezidansyèl: 4-TRAVAY
 - Jesyon Batiman: 5-2222 oswa facilities.umd.edu

Reponn ak swen

- Pale ak moun ki konsène yo pi vit ke posib pou kondanne zak la epi rekonèt mal yo sibi a.
- Sèvi ak yon langaj ki reflechi, ki pran an kont twomatis yo, ki enklizif ki montre ke w konprann yo epi pataje enkyetid ou avè yo yon fason otantik.
- Evalye enkyetid moun nan.
- Ofri resous kanmpis la pou plis sipò kòmanse nan lis nimewo telefòn enpòtan yo nan paj 15 lan.

Geri Ansanm

Anplwaye ak sipèvizè yo ta dwe kowòdone ansanm yon plan aksyon pou geri kominote nou an apre yon ensidan oswa yon krim ki baze sou hèn. Yon plan ka gen ladan dyalòg, edikasyon, medyasyon oswa sèk reparatè. BISS ka ba w konsèy sou plan aksyon an.

Sèvis Sipò Ensidan Ki Gen Rapò Ak Prejije (BISS)

BISS ede etidyan yo, pwofesè yo ak anplwaye ki te viv oswa ki te temwen yon ensidan ki baze sou èn, asèlman ak/oswa diskriminasyon. Objektif BISS se kreye yon sistèm sipò ak yon seri opsyon klè ki pèmèt moun nan ki viktim lan ka chwazi pwòp chemen gerizon, rekonsilyasyon, ak reparasyon l.

Si yo soumèt yon rapò bay BISS, y ap:

- Koute, kwè, epi fè konfyans a nenpòt moun ki rapòte epi viv ensidan an
- Pran oserye tout ensidan yo pataje yo
- Pa devwale idantite w
- Santre moun ki afekte a epi eksplòre opsyon yo
- Fè Sansibilizasyon pou sipòte lòt moun ki afekte yo
- Bay sipò ak kontwòl san kanpe

BISS p ap:

- Kontakte moun ki lakòz mal la
- Pwomèt rezilta ke Inivèsite a p ap rive atenn
- Pataje non ou, rapò, oswa nenpòt lòt enfòmasyon ak nenpòt lòt manm nan ekip entèvansyon an, kò anseyan an, anplwaye yo, oswa etidyan yo san pèmision fòmèl ou, eksepte si lalwa egzije sa*

**Selon règleman Inivèsite sou Asèlman Seksyèl ak lòt Move Kondwit Seksyèl, pwofesè ak anplwaye ki pa resous konfidansyèl yo (egzanp, CARE, Sant Sante Inivèsite a, oswa Sant Konsèy Inivèsite a) nou gen obligasyon pou nou rapòte nenpòt ensidan asèlman seksyèl/move kondwit seksyèl bay Biwo Dwa Sivil ak Move kondwit seksyèl, paske yo nome yo Anplwaye Inivèsite Responsab dapre Règleman sa a. Yo ankouraje pwofesè yo ak anplwaye yo tou pou yo rapòte ensidan lòt kalite diskriminasyon nan Biwo Dwa Sivil ak Move kondwit seksyèl jan Règleman Kont Diskriminasyon Inivèsite a mande sa.*

BISS se pa yon kò ki bay sanksyon epi li pa detèmine ni aplike konsekans. BISS ka refere afè a nan Biwo Dwa Sivil ak Move Konduit Seksyèl, UMPD, oswa bay Konduit Etidyan yo lè sa nesèsè.



- 🌐 Resous pou Pwofesè ak Anplwaye yo
- 🇸🇩 Resous pou Etidyan

Resous Sipò

[Sèvis Asistans Pou Ensidan Ki Baze sou Prejije \(BISS\)](#) 🌐🇸🇩

- BISS chaje pou l trete ensidan ki baze sou hèn yo epi ki vize etidyan, pwofesè ak anplwaye UMD yo. Pwogram nan reponn, edike epi rann kominote kanmpis la kont sou prejije yo, enpak yo, ansanm ak pwotokòl ki gen rapò ak prejije yo.
- [Resous BISS](#)
- [Tablo bò Rapò Prejije](#)
- [Pwotokòl Repons Ensidan ki Baze sou Prejije](#)
- [Ekip repons ki gen pou wè ak hèn epi prejije](#)
- [Chèn Videyo YouTube BISS](#)

[Konfesè](#) 🌐🇸🇩

- Konfesè yo travay ansanm pou reponn a bezwen esprityèl Inivèsite Maryland lan. Pwogram Konfesyon yo gen ladan yo: Batis, Ministè Etidyan Nwa, Syans Kreyen, Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo (Mòmou), Òtodòks Oryantal, Episkopal/Anglikan, Endou, Jwif-Hillel, Jwif-Chabad, Literyen, Mizilman, Katolik Women, Ministè Kamnpis Ini, Metodis Ini, ak Konfesè Emerita. 🌐🇸🇩
- Anplis de konfesyon yo ak pwogram yo, yon kantite lòt gwoup etidyan relijye egziste sou kanmpis la, vizite terplink.umd.edu pou plis enfòmasyon. 🇸🇩

[Sant Konsèy](#) 🌐🇸🇩

- Sant Konsèy la bay sèvis sipò konplè ki ankouraje siksè pèsone, sosyal ak akademik etidyan UMD yo. Etidyan UMD ki enskri kounya yo ka benefisye yon sèvis konsèy pou gwoup ki pa dire lontan, konsèy endividyèl, ak an koup, gratis 🌐🇸🇩
- Sèvis konsiltasyon ak oryantasyon yo disponib tou pou pwofesè, anplwaye, paran, ak gadyen legal UMD yo. Pwofesè ak anplwaye UMD yo ka resevwa yon sesyon akèy ak yon oryantasyon gratis 🇸🇩

[Sèvis Evènman ak Envite](#) 🌐🇸🇩

- Inite Sèvis Evènman ak Envite nan Sendika Etidyan Adele H. yo ka ede etidyan, pwofesè, anplwaye, ak antite ki pa nan inivèsite yo pou yo rezève espas ki deziyen sou kanmpis la pou egzèse dwa a libète lapawòl yo ak aktivite ekspresif yo. Anplwaye yo ap travay avèk gwoup yo pou yo asire yo ke règleman inivèsite yo respekte pou sipòte kominote nou an pou pataje divès opinyon ak kwayans.

[Ekip Repons zak ki baze sou Prejije ak Hèn \(Hate Bias Response Team, HBRT\)](#) 🌐🇸🇩

- Wòl prensipal ekip la se egzamine ensidan ki baze sou hèn yo, bay repons apwopriye ki baze sou nati ensidan an epi travay an kolaborasyon pou fè bon jan sansibilizasyon pou edike kanmpis la.
- Ekip la pa ranplase okenn nan pwosedi ak pwotokòl aktyèl ki an plas yo ki te la pou rezoud swadizan vyolasyon règleman konsènan kondwit etidyan yo, oswa ki gen pou wè ak diskriminasyon, move kondwit seksyèl, oswa vyolasyon lwa kont kriminalite. Olye de sa, ekip la ap chèche asire l ke gen yon pwosesis ki pi senp epi ki efikas pou trete ensidan prejije ki baze sou hèn yo, ansanm ak bay sila ki afekte yo sipò.

[Sant Ekite LGBTQ+](#) 🌈🌍

- Sant Ekite LGBTQ+ ofri yon pil resous tankou fòmasyon, seminnè sou entènèt, pwogram, estaj, prim ak bous detid, Jounal, resous, gwoup sipò, pou pwofesè, anplwaye, ak etidyan yo.

[Biwo Pledwaye Kominotè pou Enplikasyon Miltikiltirèl \(Multicultural Involvement Community Advocacy, MICA\)](#) 🌈🌍

- MICA kanpe byen fèm nan wòl li pou l responsablize etidyan yo atravè edikasyon sou pwoblèm ras, orijin etnik, oryantasyon seksyèl, idantite seksyèl, ekspresyon jan, relijyon ak entèseksyon yo. Pou soutni angajman kanmpis la nan zafè divèsite, miltikiltiralism, ak jistis sosyal, yo favorize yon klima kanmpis ki baze sou avantaj edikasyonèl ki soti nan divèsite, atravè konsèy, aksyon sansiblizasyon, defans, pwogram, rechèch, ak pratik ki santre sou etidyan yo. Yo pwopoze gwoup angajman etidyan sa yo: Azyatik ki fèt oswa leve ozetazini, Nwa, Pwogram entèkonfesyonèl ak divèsite espiyèl, LGBTQ, Miltirasyal ak Miltikiltirèl, ak Ameriken Endyen Natif Natal.

[Biwo Dwa Sivil ak Move Konduit Seksyèl \(OCSRM\)](#) 🌈🌍

- OCSRM administre règleman kont diskriminasyon Inivèsite Maryland lan epi l ap travay pou l ankouraje yon anviwònman aprantisaj ak travay san okenn fòm diskriminasyon ak asèlman, ansanm ak move kondwit seksyèl.

[Biwo Konduit Etidyan](#) 🌈🌍

- Biwo Konduit Etidyan an ankouraje sekirite yon fason dinamik atravè pwomosyon ak respè nòm ak entegrite kominote Inivèsite Maryland lan.

[Polis Inivèsite Maryland \(University of Maryland Police, UMPD\)](#) 🌈🌍

- Inivèsite Maryland gen pwòp fòs polis li ki gen misyon pou sèvi kominote inivèsite a, pwoteje lavi ak pwopriyete, epi fè respekte lwa yo. UMPD ofri anpil resous ak pwogram pou konplete inisyativ ki fè respekte lwa depatman an. UMPD angaje l pou l respekte konsèp polis kominote a epi l ap travay avèk dilijans pou devlope epi kenbe patenarya pou amelyore kalite lavi kominote kanmpis nou an.

[Ombudsman](#) 🌈🌍

- Yon ajan medyasyon, se yon moun manm nan kominote inivèsite a ka konsilte (tankou pwofesè, anplwaye, oswa etidyan) si yo ta renmen jwenn enfòmasyon sou règleman inivèsite a ki gen rapò ak aktivite oswa si yo rankontre pwoblèm ke yo pa ka rezoud pa mwayen òdinè yo (tankou, etidyan a pwofesè, anplwaye a sipèvizè, manm kò pwofesoral a direktè depatman.) Yon Ombuds koute plent yo epi li ede, si sa posib, nan rezoud yo.

[Sant Sante Inivèsite a \(University Health Center, UHC\) Sante Konpòtman](#) 🌈🌍

- Inite Sante Konpòtman UHC a ka wè etidyan yo pou entèvansyon kriz ijan, jesyon medikaman, entèvansyon tretman depandans ak dwòg, ADHD, evalyasyon ak oryantasyon twoub alimantè, ak fòmasyon pou prevansyon swisid.

[Pwogram Èd pou Ekip Anseyan an Nan Sant Sante Inivèsite a \(University Health Center, UHC\)](#) 🌈🌍

- Pwogram èd pou ekip anseyan an (Faculty Staff Assistance Program, FSAP) se yon evalyasyon, oryantasyon, antrenman, konsiltasyon ak konsèy akoutèm ki disponib pou tout anplwaye a tan plen ak a tan pasyèl nan Inivèsite Maryland lan. FSAP ka abòde yon varyete konfli ki gen rapò ak travay ak pwoblèm pèsònèl tankou depresyon, enkyetid, toksikomani, konfli relasyonèl ak famiyal, ansanm ak enkyetid medikal, legal ak finansye. FSAP a disponib pou rankontre avèk tout anplwaye a tan plen ak a tan pasyèl pou yon evalyasyon, oryantasyon, ak nan anpil ka, sèvis konsèy finansye akoutèm gratis, jiska 10 seyans.

Kou a Kredi

- [Biwo Divèsite ak Enklizyon Mo Angajman](#) 🌐
Pwogram Dyalòg Entègwoup Mo Angajman (Words of Engagement Intergroup Dialogue Program, WEIDP) se yon pwogram edikasyon pou jistis sosyal a kredi ki reyini etidyan nan divès gwoup idantite sosyal pou fasilite konvèsasyon fas-a-fas ki amelyore konsyans patisipan yo genyen de pwòp tèt yo ak konsyans sosyal yo.
- Lidèchip ak Aprantisaj Sèvis Kominotè - Pwogram Etid Lidèchip 🌐
[HESI 217- Entwodiksyon a Lidèchip Etidyan](#) 🌐
Sa a se yon kou debaz nan Lidèchip Minè
- [Biwo Sèvis pou Etidyan ak Inivèsitè Entènasyonal \(Office of International Students and Scholars Services, ISSS\) - Pwogram Sètifika](#) 🌐
pwofesè ak anplwaye ki swiv yon kantite minimòm nan Seminè Brown Bag yo oswa lòt atelye kalifye ISSS patwone ka kalifye pou yon sètifika nan fen etid nan youn nan twa (3) branch sa yo (Travay, Kilti, Akademi) nan pwogram Sètifika Global la.

Kanpay

- [TerrapinSTRONG](#) 🌐🌐
TerraPinstrong se yon pwogram entegrasyon entèaktif epi pèsonalize ki prezante manm nan kominote nou an, tradisyon, valè, ak atant nou yo; ekspoze yo ak istwa nou; pale de idantite sosyal yo ak ki jan yo aji sou eksperyans nou; epi bay egzanp pratik sou fason nou menm antanke etidyan, pwofesè ak anplwaye ka kontribye pou rann kominote kanmpis la pi enklizif epi pi ekitab.

Fòmasyon 🌐🌐

- [Pwogram dyalòg Miltikiltirèl "Common Ground"](#) 🌐
Common Ground se yon pwogram nan Depatman Lavi Rezidan an ki bay opòtinite estriktire pou divès gwoup elèv ant 12- 14 zan pou yo reyini epi deside dyaloge ansanm sou direksyon lòt kamarad sou pwoblèm ki gen enplikasyon enpòtan pou sosyete venteyinyèm syèk miltikiltirèl nou an.
- [Konduit Etidyan](#) 🌐
Biwo Konduit Etidyan an ofri fòmasyon ak resous pou etidyan ak anplwaye nan domèn libète ekspresyon. Gen kèk sijè yo abòde tankou kijan nou ka kreye yon kominote responsab, ki jan nou ka chanje radikalman estrikti opresif yo, ak ki jan etidyan ki vle kreye chanjman yo ka enplike yo.
- [Biwo Divèsite ak Enklizyon \(Office of Diversity and Inclusion, ODI\)](#) 🌐🌐
ODI ka fasilite fòmasyon nan plizyè domèn, tankou, men ki pa limite ak sa sèlman, divèsite, prejije enplisit, ak konpetans kiltirèl.
- [Biwo Etidyan Entènasyonal ak Sèvis Eskolè](#) 🌐🌐
Pou sèvi kominote etidyan entènasyonal yo, ISSS ka fè fòmasyon espesyalize pou manm estaf yo pa gwoup 5 moun oswa plis.

Resous sou entènèt

- [Lekòl Jounalis](#) 🌐 🇵🇸
Sit entènèt la gen yon lis ekspè fakilte a nan yon pakèt domèn, ki gen ladan l libète laprès la ak dwa Konstitisyonèl. Dwayèn nan, Lucy Dalglish ak Pwofesè Mark Feldstein gen yon ekspètiz nan kesyon Premye Amanman an.
- Bibliyotèk (koleksyon/dokiman enpòtan) 🌐 🇵🇸
Pwojè STAND: 12 koleksyon sou Etidyan Aktivis yo
- [Lekòl Lengwistik](#) 🌐 🇵🇸
[Chita sou Antwopoloji Lengwistik pou Analize Prejije chak jou \(Suzanne Wertheim\)](#)
Kijan nou gade prejije nan espas travay la? Youn nan pi bon remèd pou konprann nan yon fason fondamantal, ki jan prejije yo parèt nan entèraksyon entèpèsònèl yo. Li konsantre sou twa eleman enpòtan nan analiz diskou yo nan lide pou konprann kijan prejije yo ankode. Epi li analize non-netralite lang lan ak diferans li souvan genyen ant entansyon (bon) ak enpak (pa tèlman bon). Pwogram Zoom apati 12 Novanm 2020



Nimewo Telefòn Enpòtan

DEPATMAN	NIMEWO	SIT ENTÈNÈT
Sant Oryantasyon Inivèsitè	301.314.7651	counseling.umd.edu
Asistans nan ka Kriz Aprè Lè Travay yo 7:00pm - 8:30am, lendi-jedi; apre 4:30pm nan Vandredi 24 sou 24 le wikenn	301.314.7651	
Sant Sante Inivèsitè (University Health Center)	301.314.8180	health.umd.edu
Pwogram Èd pou Ekip Anseyan an Nan UHC	301.314.9170	health.umd.edu/fsap
Liy Ijans Sante Konpòtmantal UHC pou vizit san randevou (len - ven; 9am - 5pm)	301.314.8106	health.umd.edu/behaviorial.health
Biwo Dwa Sivil ak Move Konduit Seksyèl	301.405.1142	ocrsm.umd.edu
Biwo Divèsite ak Enklizyon	301.405.6810	diversity.umd.edu
Sèvis Asistans Pou Ensidan Ki Baze sou Prejije (BISS)	301.405.0980	diversity.umd.edu/bias/response/
Biwo Pledwaye Kominotè pou Enplikasyon Miltikiltirèl (MICA)	301.314.8600	mica.umd.edu
LGBTQ+ Sant Ekite	301.405.8720	lgbtq.umd.edu/
Polis Inivèsitè Maryland	Lè pa gen Ijans 301.405.3555 Ijans: 301.405.3333	umpd.umd.edu
Biwo Konduit Elèv	301.314.8204	studentconduct.umd.edu
Ombudsman Kò Pwofesè, Anplwaye, Dezyèm ak Premye sik Inivèsitè yo	Vizite Sit entènèt la pou kontak yo	president.umd.edu/administration/ administrative-offices/university- maryland-ombuds-services
Sèvis pou Evènman ak Envite	301.314.8488	stamp.umd.edu/event_guest_ services
Konfesè	Vizite Sit entènèt la pou kontak yo	stamp.umd.edu/centers/memorial_ chapel/chaplen

Kijan pou w reyaji ak Ensidan ki baze sou hèn ak prejije sou entènèt lè w sèvi avèk modèl G.R.A.C.E la



Fòmilè Rapò Ensidan ki Baze sou Prejije

Sa a se yon Rezime Fòmilè Rapò Ensidan ki Baze sou Prejije a

Si ou te sibi prejije (oswa te temwen yon ensidan), tanpri rapòte ensidan an anba a. Yon manm ekip Sèvis Asistans pou Ensidan ki Baze sou Prejije ap kontakte ou nan 48 èdtan.

Non ou ak enfòmasyon ou yo ap rete prive pandan yon manm pèsònèl BISS la ap konsantre sou gerizon, sipò, epi ede ou jwenn resous. Tanpri revize Pwotokòl ki baze sou Prejije yo pou w wè sa k ap pase apre ou fin soumèt yon rapò : diversity.umd.edu/bias/response/

Si ou vle depeze yon plent ki gen rapò ak move konduit seksyèl oswa diskriminasyon nan espas travay, Biwo Dwa Sivil ak Move kondwit seksyèl se resous ki pi apwopriye a: ocrsm.umd.edu/

Si ou vle kontakte Depatman Lapolis Inivèsite Maryland, sit entènèt yo la: umpd.umd.edu/contact/

Remake byen ke Sèvis Sipò Ensidan ki Baze sou Prejije a (BISS) pa yon ògàn sanksyon, men pito yon sant pou moun ensidan ki baze sou hèn yo afekte yo. Menmsi nou pa mennen ankèt sou ensidan yo, nou gade opsyon ak resous yo ansanm ak moun hèn oswa prejije yo afekte yo.

Enfòmasyon Jeneral

Non konplè ou	Non oswa Òganizasyon an
Adrès Imèl ou	Idantite Seksyèl
Kalite Ensidan an	Eksperyans Moun nan
Idantite Moun ki Sible a	UID
Dat, Lè ak Kote Ensidan an rive a (Eseye pi presi ke posib)	

Kesyon Ouvè

1. Tanpri dekri ensidan an/evènman an ansanm ak tout temwen oswa lòt moun ki enplike (si w konn non yo). Tanpri eseye pi deskriptif posib, ajoute ladan detay sou mo yo, senbòl, oswa konpòtman ou te remake yo.
2. Tanpri dekri enpak ensidan sa a te gen sou ou oswa sou moun ki vize yo.
3. Tanpri ajoute nenpòt dokiman sipò ke ou genyen tankou, men ki pa limite ak yo sèlman, eskrinshòt, videyo, Imèl, tèks, foto, elatriye.

Daprè ou menm, yo te rapòte ensidan an kote sa yo:

- Depatman Polis Inivèsite Maryland (UMPD)
- Lavi Rezidan
- Biwo Konduit Elèv yo (OSC)
- Biwo Dwa Sivil ak Move Konduit Seksyèl (OCRSM)
- Lòt
- Yo pa rapòte yo nan okenn nan yo selon mwen menm

Ki rezilta ou swete jwenn apre ou fin soumèt fòm sa a?

- Mwen rapòte sa, men mwen pa swete yo kontakte m
- Mwen rapòte sa epi mwen vle yo kontakte m pou m resevwa sèvis sipò ak resous
- Mwen rapòte sa pou refere sitiyoasyon sa a nan yon lòt biwo (Konduit Etidyan, OCR-SM)
- Mwen rapòte sa nan non moun ki viktim lan
- Mwen te deja rapòte ensidan sa a atravè imel, pa telefòn, oswa an pèsòn
- Lòt



DIVISION OF
STUDENT AFFAIRS